

# Vaksen Tdap

## Sa Ou Bezwen Konnen

(Tetanòs, Difteri ak Koklich)

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib an Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

### 1 Poukisa pou mwen vaksinen?

**Tetanòs, difteri** ak **koklich** se maladi ki grav anpil. Vaksen Tdap ka pwoteje nou kont maladi sa yo. Epi, vaksen Tdap ke yo bay fanm ansent yo ka pwoteje tibebe ki poko fèt kont koklich.

**TETANÒS** (Lockjaw) ra nan Etazini jodia. Li lakòz doule avèk miskilati ki sere oswa ki vin rèd, anjeneral tout kote nan kò a.

- Li kapab lakòz miskilati yo sere nan tèt la ak kou a yon fason pou ou pa kapab louvri bouch ou, ou pa kapab vale, oswa pafwa ou pa menm kapab respire. Tetanòs touye apeprè 1 sou 10 moun ki te enfekte menm apre yo te fin resevwa pi bon swen medikal.

**DIFTERI** ra tou nan Etazini jodia. Difteri kapab lakòz yon kouch epè fòmè dèyè gòj la.

- Li kapab lakòz pwoblèm respirasyon, paralizi, ensifisans kadyak, ak lanmò.

**KOKLICH** (Tous Gwonde) koze tous grav, sa ki ka koze difikilte pou respire, vomisman ak twoub somèy.

- Li ka koze tou moun nan pèdi pwa, pa ka kenbe pipi, ak frakti nan kòt. Jiska 2 sou 100 adolesan ak 5 sou 100 adilt ki gen koklich ospitalize oswa gen komplikasyon, sa ki te ka gen ladan nemoni oswa lanmò.

Maladi sa yo koze pa yon bakteri. Difteri ak koklich pwopaje de yon moun a yon lòt moun atravè sekresyon nan touse oswa etènnye. Bakteri ki lakòz tetanòs la pase nan blesi, grafouyen oswa maleng.

Anvan te gen vaksen, te gen apeprè 200,000 ka difteri, 200,000 ka koklich, epi yo te rapòte plizyè santèn ka tetanòs chak ane nan Etazini. Depi vaksinasyon an te kòmanse, rapò ka pou toulède maladi tetanòs ak difteri te bese a 99% ak pou koklich nan apeprè 80%.

### 2 Vaksen Tdap

Vaksen Tdap kapab pwoteje adolesan ak adilt yo kont tetanòs, difteri ak koklich. Jeneralman yo bay yon dòz Tdap nan laj 11 oswa 12 lane. Moun yo ki *pat* pran vaksen Tdap nan laj sa ta dwe pran l rapid jan sa posib.

Tdap espesyalman enpòtan pou pwotesyonèl swen sante yo ansanm avèk nenpòt moun ki gen yon kontak sere avèk yon tibebe ki gen mwens pase 12 mwa.

Fi ansent yo ta dwe pran yon dòz Tdap pandan **chak gwosès**, pou pwoteje tibebe a kont koklich. Timoun pitit

Tdap VIS – Haitian (2/24/2015)

yo gen risk pou komplikasyon grav, kap menase lavi yo akòz de koklich.

Gen yon lòt vaksen, ki rele Td, ki pwoteje kont tetanòs ak difteri, men li pa pwoteje kont koklich. Yo ta dwe pran yon rapèl Td chak 10 lane. Yo ka bay Tdap kòm youn nan rapèl yo si ou pa janm pran Tdap anvan. Yo ka bay Tdap tou apre yon blesi grav oswa brili pou anpeche enfeksyon tetanòs.

Doktè w oswa moun kap ba ou vaksen an ka ba ou plis enfòmasyon.

Yo ka bay vaksen Tdap san pwoblèm anmenmtan avèk lòt vaksen yo.

### 3 Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a

- Si ou te janm gen yon reyaksyon alèjik ki te menase lavi ou apre ou te pran yon dòz nenpòt vaksen ki gen tetanòs oswa difteri, OSWA si ou fè yon alèji grav ak nenpòt pati vaksen sa a, ou pa ta dwe pran Tdap. Mande moun kap ba ou vaksen an osijè nenpòt alèji grav.
- Nenpòt moun ki te gen koma oswa yon kriz long repete nan lespas 7 jou apre yon dòz timoun DTP oswa DTaP, oswa yon dòz Tdap anvan, pa ta dwe pran Tdap, sof si yo jwenn yon lòt koz ot ke vaksen. Yo ka toujou pran Td.
- Pale avèk doktè w si ou:
  - gen kriz oswa yon lòt pwoblèm nan sistèm nève,
  - gen gwo doule oswa anflamasyon apre nenpòt vaksen ki gen ladan difteri, tetanòs oswa koklich,
  - pa janm gen yon pwoblèm sante ki rele Sendwòm Guillain-Barré (GBS),
  - pa santi ou byen nan jou pou pran vaksen an.

### 4 Risk

Avèk yon vaksen, menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans pou pasyan an gen efè segondè. Anjeneral, efè segondè sa yo piti epi yo ale poukont yo. Reyaksyon grav posib tou men yo ra.

Pifò moun ki pran vaksen Tdap pa gen okenn pwoblèm avèk li.

#### Ti pwoblèm apre vaksen Tdap

(Pa t entèfere ak aktivite yo)

- Santi doule kote yo te bay vaksen an (apeprè 3 sou 4 adolesan oswa 2 sou 3 adilt)



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention

- Po kò moun nan vin wouj oswa anfle kote li te pran vaksen an (apeprè 1 sou 5)
- Ti lafyèw omwen 38°C (100.4°F) (jiska apeprè 1 nan 25 adolesan oswa 1 nan 100 adilt)
- Maltèt (apeprè 3 oswa 4 moun sou 10)
- Fatig (apeprè 1 moun sou 3 oswa 4)
- Kè plen, vomisman, dyare, van fè mal (apeprè 1 sou 4 adolesan oswa 1 sou 10 adilt)
- Frison, jwenti fè mal (apeprè 1 sou 10)
- Kò fè mal (apeprè 1 moun nan 3 oswa 4)
- Gratèl, glann anfle (ra)

### **Pwoblèm modere** apre vaksen Tdap

*(Te entèfere ak aktivite yo, men pa t bezwen atansyon medikal)*

- Doulè kote moun nan te pran vaksen an (apeprè 8 sou 10)
- Woujè oswa anflamasyon kote yo te bay vaksen an (jiska apeprè 1 sou 16 adolesan oswa 1 sou 12 adilt)
- Lafyèw plis pase 38.9°C (102°F) (apeprè 1 sou 100 adolesan oswa 1 sou 250 adilt)
- Maltèt (apeprè 1 sou 7 adolesan oswa 1 sou 10 adilt)
- Kè plen, vomisman, dyare, van fè mal (apeprè 1 oswa 3 sou 100)
- Anflamasyon nan bra kote yo te bay vaksen an (jiska apeprè 1 sou 500).

### **Pwoblèm grav** apre vaksen Tdap

*(Pa kapab fè aktivite nòmal yo; te bezwen atansyon medikal)*

- Anfleman, doulè grav, senyman ak/oswa po kò vin wouj nan bra kote moun nan te pran vaksen an (ra).

### **Pwoblèm ki kapab rive apre nenpòt vaksen:**

- Pafwa moun yo pèdi konesans apre yon pwosedi medikal, enkli vaiksen. Si ou chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit sa kapab ede ou pa ni endispoze ni pan chòk lè ou tonbe. Fè doktè ou konnen si ou santi vètij, oswa fè doktè a konnen si vizyon ou chanje oswa si ou tande boudònman nan zòrèy ou.
- Gen moun ki gen gwo doulè nan zepòl e yo gen difikilte pou yo fè mouvman avèk bra kote yo te pran vaksen an. Sa pa rive souvan.
- Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèjik grav. Kalite reyaksyon konsa apre yon vaksen ra anpil, yo estime a mwens pase 1 ka sou yon (1) milyon dòz, epi sa ta rive kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans fèb pou yon vaksen koze chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwòle sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: [www.cdc.gov/vaccinesafety/](http://www.cdc.gov/vaccinesafety/)

## **5 Kisa pou mwen fè si mwen gen yon reyaksyon ki grav?**

### **Kisa mwen ta dwe chèche?**

- Chèche nenpòt bagay ki konsène ou, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyèw ki wo anpil, oswa chanjman nan konpòtman.

- Siy yon reyaksyon alèjik grav kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

### **Kisa mwen ta dwe fè?**

- Si ou panse se yon reyaksyon alèjik ki grav oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa mennen moun lan nan lopital ki pi pre a. Sinon, rele doktè ou.
- Apre sa, ou ta dwe rapòte reyaksyon nan ba Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) (Sistèm pou Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen). Doktè ou ta ka fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa ou kapab rele nimewo **1-800-822-7967** pou fè sa.

*VAERS pa bay konsèy medikal.*

**6**

## **Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen**

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) (Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te ka pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo te ka pran chòk nan yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele nimewo **1-800-338-2382**, oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation). Gen yon delè limit pou prezante yon reklamasyon pou konpansasyon.

**7**

## **Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?**

- Mande doktè ou. Li ka ba ou yon pake vaksen oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Kontakte Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi):
  - Rele nimewo **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Ale sou sitwèb CDC nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines)

Vaccine Information Statement  
**Tdap Vaccine**

2/24/2015

Haitian

Office Use  
Only



42 U.S.C. § 300aa-26